



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 21/1/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO FÈ LANSMAN FON POU ENÈJI PWÒP \$5 MILYA DOLA POU DEVLOPE EKONOMI ENÈJI PWÒP NAN NEW YORK

Fon Enèji Pwòp la pral vanse efikasite solè, van, enèji ak lòt endistri teknoloji pwòp pou estimile devlopman ekonomik ak pou diminye emisyon danjere

Aksyon san parèy jodi a ap bese pri enèji pou konsomatè ak biznis apati ane sa

Travay kòmanse fikse tou Nòm Enèji Pwòp la pou realize disi lane 2030 manda renouvlab 50 pousan odasye Gouvènè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a anonse Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la otorize yon Fon Enèji Pwòp \$5 milya pandan 10 zan pou akselere devlopman ekonomi enèji pwòp New York, abode pwoblème chanjman klima, ogmante rezilyans nan move tan epi bese bòdwo enèji pou moun New York apati ane sa. Mete sou sa, fon an pral atire epi jwenn kapital lòt moun ki enterese pou sipòte Nòm Enèji Pwòp odasye Gouvènè a, youn nan objektif pi anbisye nasyon an pou satisfè 50 pousan nan bezwen elektrik nou ak resous renouvlab disi lane 2030.

“New York se yon lidè nasyonal nan konbat chanjman klima ak devlope ekonomi pwòp – e jounen jodi a n ap fè yon gwo pa annavan,” **te deklare Gouvènè Cuomo.**

“Investisman 5 milya dola san parèy sa pral leve plis pase \$29 milya nan finansman sektè prive epi louvri pòt pou opòtinite enèji pwòp pou lane kap vini yo. N ap leve bawo a wo lè sa gen pou wè ak ogmantasyon itilizasyon enèji renouvlab ak diminisyon emisyon kabòn danjere, epi mwen fyè Empire State la ap kontinye trase egzanp lan pou lavni.”

Fon Enèji Pwòp \$5 milya a, kap plase anba jesyon New York State Energy Research and Development Authority, chita sou pwogrè eta a deja ap fè nan devlopman yon sektè teknoloji pwòp ak djanm. Yo prevwa fon an ap fè kliyan ekonomize plis pase \$39 milya nan bòdwo yo pandan plis pase 10 lane atravè pwojè tou nèf ak patenarya prive-piblik ki konsantre sou diminisyon emisyon gas ki gen efè sè, sa kap fè enèji vin pi bon mache gras ak efikasite enèji ak enèji renouvlab, epi ap mobilize kapital sektè prive. Anplis \$39 milya yo nan ekonomi kliyan ap fè anjeneral, kise rezilta aksyon Komisyon Sèvis Piblik sa, kliyan ak biznis sipoze wè pi piti depans pou \$1.5 milya sou 10 lane kap vini yo, san bliye yon diminisyon imedya \$91 milyon apati lane 2016 pou depans elektrisite ak gaz konpare ak lane 2015.

Kliyan ak biznis mèt espere wè depans elektrisite ak gaz yo bese ane sa.

Fon an pral opere kat gwo pòtfe:

- **Market Development** (\$2.7 milya): NYSERDA pral antreprann yon seri aktivite pou ankouraje demann kliyan pou altènativ enèji pwòp, efikasite enèji pandan l ap ede konstwi chèn apwovizyonman enèji pwòp pou satisfè demann kliyan. \$234.5 milyon pou pi piti dwe investi nan inisyativ kap benefisye Nouyòkè ki gen ti revni ak mwayen pandan twa premye ane fon an;
- **NY-SUN** (\$961 milyon): Fon an finalize bourad lajan an epi konfime angajman alontèm lan pou NY-Sun ak pou devlopman mache ak endistri elektrisite solè nan Eta New York la, gras ak yon sipò l ap bay pou diminisyon pri rapid ak pèmanan. Sa pral kontinye fè enèji solè vin pi bon mache ak fasil pou achte pou kliyan rezidansyèl ak komèsyal, epi pral antrene devlopman endistri solè a nan New York, ki pou kounye a bay plis pase 7.000 moun travay nan 538 konpayi solè nan eta a;
- **NY Green Bank** (\$782 milyon): Pou jwenn investisman sektè prive, ogmante disponibilite kapital ak pou ogmante konfyans nan prè pou pwojè enèji pwòp, fon an pral konplete kapitalizasyon NY Green Bank tou nèt la. Fon an pral ogmante investisman total NY Green Bank lan pou l rive \$1 milya epi pral leve \$8 milya yo kalkile nan investisman prive;
- **Inovasyon ak Rechèch** (\$717 milyon): Pandan Eta New York ap vanse nan yon sistèm distribisyon enèji pi gran ak pi efikas, Fon Enèji Pwòp lan pral ede estimile inovasyon atravè rechèch ak devlopman teknoloji ki pral pote devlopman biznis teknoloji pwòp ak kreyasyon dyòb pandan l ap bay plis posiblite enèji pou kliyan rezidansyèl ak komèsyal.

Prezidan Enèji ak Finans Eta New York la, Richard Kauffman, te deklare, “Fon Enèji Pwòp la pral fè kliyan fè plis ekonomi epi estimile plis demann pou – ak investisman prive nan -- pwojè enèji renouvlab ak efikasite enèji, kap pouse pi lwen estrateji Refòm Vizyon Enèji Gouvènè a. Lè nou aji jodi a e non pa demen, n ap asire rezo nou an ap modènize ak ranfòse pandan n ap bese pri elektrisite Nouyòkè grasak egzekisyon solisyon efikas ki koute mwen chè pou rezoud pwoblèm nou.”

Nan diskou sou Eta Eta semèn pase a, Gouvènè Cuomo te ofisyèlman pwopoze kreyasyon yon Nòm Enèji Pwòp epi te mande Komisyon Sèvis Piblik la pou l fikse manda kontreman pou kouran renouvlab nan mwa jen. Komisyon an jodi a te apwouve yon pwosesis piblik pou adopte yon Nòm Enèji Pwòp ki pral gen ladann yon mekanis sipò aa pou izin kouran nikleyè nan nò eta a (upstate). Dèske izin nikleyè pa pwodui emisyon gaz ki gen efè sè, yo pral ede tranzisyon Eta a nan yon fiti anba Nòm Enèji Pwòp la san pèdi pou otan sou dimisyon emisyon atravè tout eta a.

Komisyon an te pran tou lòt pa ekstraòdinè jodi a pou vanse Refòm Strateji Vizyon Enèji Gouvènè a, oswa REV, lè l mande gwo konpayi elektrisite ak gaz pou yo devlope nouvo pwogram efikasite enèji modèn, sou yon baz reyon ak eta alafwa. Li fikse tou

yon kad analiz benefis-pri pou evalye nouvo pwopozisyon enèji, tankou izin kouran pi piti ak pi pwòp, pou detèmine si yo atenn objektif ekonomi pri ak enèji REV yo.

Fon Enèji Pwòp la kore objektif anviwonman alafwa REV ak Nòm Enèji Pwòp yo gras ak diminisyon yon 133 milyon tòn emisyon kabòn yo kalkile (ki se menm bagay ak retire 1.8 milyon machin sou wout la). Efikasite enèji ak lòt inisyativ priyorite fon an sipoze ekonomize tou 10.6 milyon MWh elektrisite ak 13.4 milyon MMBtu konsomasyon kabiran otototal.

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la, Audrey Zibelman, te di konsa, "Dapre Fon Enèji Pwòp la, chak dola ki depanse nan enèji pwòp pral reyalize pi gwo ekonomi epi ogmante investisman prive, estimile inovasyon ak nouvo teknoloji ki pral pote plis chwa ak valè pou kliyan New York. Nou pral chita sou siksè pwogram devlopman enèji anvan yo nan yon fason ki satisfè bezwen kliyan ak mache kap evolue ak tranzisyon an pou sotè nan apwòch ki chita prèske sou sibvansyon kontribiyab sèlman, sa ki pap ka kenbe si nou gen pou nou atenn objektif anbisyè nou yo alvani."

Prezidan Direktè Jeneral NYSERDA, John B. Rhodes te di konsa, "Fon Enèji Pwòp la pèmèt Eta a vanse pi vit ak pi plis sou objektif Plan Enèji ak Nòm Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo a, pandan l ap diminye rekouvremant kote kontribiyab yo. Li kreye tou demann pou enèji pwòp ak sètitud nou bezwen akselere devlopman yon ekonomi teknoloji pwòp dinamik kap estimile investisman prive ak kreyasyon dyòb."

Komisyonè Enterim Depatman Pwoteksyon Anviwonman Eta New York la, Basil Seggos, te di konsa, "Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo a, Eta New York se yon modèl nasyonal nan envestige enèji renouvlab ak rezoud pwoblèm chanjman klima. Fon Enèji Pwòp la pral pèmèt New York bati yon endistri teknoloji pwòp pandan la p kontinye ak efò li yo pou diminye emisyon gas ki gen efè sè epi founi ekonomi sou gaz ak elektrisite pou Nouyòkè."

Nan lòd Enèji Pwòp la jodi a, Komisyon an asiyen tou \$150 milyon pou devlopman nouvo pwojè kouran Renouvlab sou Grann Echèl nan lane 2016. Pandan Komisyon an ap devlope yon Nòm Enèji Pwòp, sa pral kreye nouvo ankourajman pou renouvlab sou grann echèl ak yon nouvo mekanis pou anpeche retrè twò bonè izin kouran nikleyè ki san danje nan lòd eta a pandan tranzisyon sa.

Mete sou sa, Komisyon an te mande pou Nòm Enèji Pwòp la gen ladann resous pwodiksyon ki pa emèt gaz, tankou izin kouran nikleyè nan lòd eta New York. San izin sa yo, eta a va pèdi kèk nan rediksyon emisyon li te deja reyalize epi petèt mennen nan yon ogmantasyon plis pase 12 milyon tòn metrik kabòn dyoksid.

Pou egzekite plis pwogram kap gen sipò Fon Enèji Pwòp la, Komisyon an mande pou chak konpayi ki se pwopriyete investisè a chache amelyore pwòp pwogram efikasite enèji yo pou pi byen angaje kliyan epi atenn objektif jeneral Nòm Enèji Pwòp la ak Plan Enèji Eta a. Pwogram efikasite-enèji yo ofri nan gwo konpayi yo vle ofri plis valè ak nouvo sèvis rantab pou kliyan anba règ pi senp yo apwouve jodi a. Ansanm ak Fon

Enèji Pwòp \$5 milya sou 10 zan NYSERDA a, konpayi ap anmezi pou yo devlope pwogram efikasite-enèji ki pral reyalize pi gwo ekonomi efikasite sou tout mache, sible bezwen espesifik nan eta a epi depann mwens sou sipò lajan kontribiyab dirèk yo.

NYSERD pral kontinye ofri pwogram efikasite-enèji kap la pou kliyan ki gen ti revni. Sepandan, konpayi yo ak NYSERDA ap mande pou yo evalye ak devlope aktivman pwogram tou nèf ki rive pi lwen nan kominote ki gen ti revni.

Enfòmasyon sou Refòme Vizyon Enèji a

Refòme Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou l bati yon sistèm enèji pi pwòp, pi rezilyan ak pi bon mache pou tout Nouyòkè. REV mete enèji pwòp ki pwodui lokalman nan kè sistèm enèji New York ki pwoteje anviwonman epi sipòte objektif Eta a pou l redwi emisyon gaz greenhouse Eta de 40 pousan pandan lap jenere 50 pousan nan elektrisite l apati sous enèji renouvlab nan lane 2030. Inisyativ yo te lanse ki reyisi nan kad REV se NY-Sun, NY Green Bank, NY Prize, K-Solar, epi li gen ladann yon angajman pou pèmèt plis kominote ki gen revni fèb peye pou enèji. Pou w aprann plis sou REV, tanpri vizite www.ny.gov/REV4NY oswa swiv nou nan [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418